

SUN Bucks se yon nouvo pwogram pou ede fanmi yo achte manje pou pitit yo ki nan laj lekòl pandan ete a. Fanmi yo pral jwenn \$120 pou chak timoun ki elijib pou yo fè makèt pandan ete a. Timoun ki touche SUN Bucks yo kapab toujou patisipe nan lòt pwogram repa estival yo. Resevwa SUN Bucks p ap afekte estati imigrasyon timoun yo ni fanmi yo.



Kijan SUN Bucks mache?

Nan Indiana, SUN Bucks pral chaje sou yon kat EBT ki voye lakay w pa lapòs. Si w elijib, ou kapab sèvi ak benefis SUN Bucks yo pou achte manje tankou fwi, vejetab, vyann, ble antye, ak pwodwi letye nan makèt, mache, ak lòt kote ki aksepte benefis EBT SNAP yo. SUN Bucks se yon fason konveneyan pou w ede pitit ou boujonnen.

Èske pitit mwen elijib?

Pitit ou elijib pou SUN Bucks si:

Moun lakay w patisipe nan SNAP oubyen TANF deja, kèk patisipan Medicaid baze sou revni kapab apwouve tou si yo sètifye dirèkteman OUBYEN

Pitit ou ale nan yon lekòl ki ofri Pwogram Manje Midi Lekòl oubyen Manje Maten Lekòl Nasyonal la, epi revni tout moun lakay w satis-fè egzijans yo pou repa nan lekòl ki gratis oubyen a pri redwi.

Kòd QR nan Aplikasyon an



<https://indianasunbucks.com>

Kijan mwen anwole pitit mwen nan SUN Bucks?

Si nou gentan notifye moun lakay w sou elijibilité sètifikasyon dirèk, nou pral anwole pitit ou nan pwogram SUN Bucks la otomatikman. Ou pa oblige ranpli yon aplikasyon. Ou pral jwenn yon kat nan lapòs nan adrès lekòl pitit ou genyen nan dosye w.

Si w pa anwole otomatikman epi w kwè pitit ou elijib, ou kapab aplike pou jwenn SUN Bucks depi w ranpli yon aplikasyon senp.

USDA se yon founisè, anplwayè ak pretè ki bay opòtinite egal.

Pou plis enfòmasyon, ale sou: <https://in.gov/doe/nutrition/indiana-sun-bucks-summer-ebt>